# DINDI ËMB AG GARAB YII DI

## MIFERPRISTONEAK MISOPROSTOL (YOONU BOOLE)



## ÑJARIÑU GARAB GI

Yoonu boole Mifepristone/ Misoprostol amul benn loraange, tekci dafay jur ñjariñ ci 95 ba 98% ci jafe-jafe yi ci 12i ayu-bis yi njëkk ci ëmb gi.

## LEES MËNA DEF SUDEE DINDI ËMB GI ANTUWUL?

Jigéen ji mën na jëlaat garab yii di mifepristone ak misoprostol wala mu jëfandikoo aspiration. Amul benn sikk ci ngelabon wu jagadi su ëmb gi wéyee ginaaw bimu jëlee garab gi.

## NDAX SAMA DINDI ËMB GI ANTUNA?

**Doonte jigéen ji dafa yëg ni ëmbatul, na leen bir ni dindi ëmb gi jaar na yoon. Dees na amal caytug ëmb ginaaw dindi ëmb gi jaaraleko ci garab, wala leerlug ëmb 3 wala 4i ayu-bis ginaaw biñu dindee ëmb gi.**

Sudee jigéen ji **ñàkkul dereet**, wala sax **ñàkk dereet bi neew loolu** (gëna neew dereetu mbaax te deful lumbu), te/wala mu **wéy di wane màndargay ëmb** ginaaw bimu jëfandikoo garab yi, amaana daa ëmb ba leegi. **Dafa wara amal caytug ëmb** ci nimu gëna gaawe ngir xool ndax ëmb gi mingi wéy am déet, su ko mënul, mën na jëfandikoowaat garab yi.

## GANNAAW BIÑU DINDEE ËMB-GI

Gannaaw bi ñu dindee ëmb bi, jigeen ji mën naa wéy di ñàkk dereet tuuti ci diiru 1 wala 3i ayu-bis, waaye jigéen ju nekk wuute na ak moroomam.

Deesu la dugal dara ci biir awra bi (tampoo), wala di sangu, wala sëy ba ñàkkum dereet ju bari ji jeex, lu tollu ci 2i fan ginaaw biñu dindee ëmb bi jaaraleko ci garab.

**Jigéen mën na ëmb ci saasi ginaaw dindi ëmb !**
**Ngir moytu ëmb ci saasi, sudee bëggul, fàww mu jëfandikoo xeetu kontrasepsioŋ (sorale jur) bu baax.**

## XIBÁAR YU AJU CI MBOOTAAY YI


Women HelpWomen

WEB: HTTPS://WOMENHELP.ORG/ EMAIL: INFO@WOMENHELP.ORG

TWITTER: @WOMENHELPORG FACEBOOK: WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL

MAMA Network: Mobilizing Activists around Medical Abortion (MAMA).

ADRESS: PLOT 471 BLOCK 208 P.O BOX 585 KAMPALA - UGANDA BOMBO RD

KAWEMPE DIVISION, KETI FALAWO ZONE PLOT 208

BLOCK 471 NEXT LITTLE STARS EDUC CENTRE NEXT BULONDO APARTMENTS /

PHONE NUMBER: +(256) 782 413307

## NAKA LAY DEMEE?

Dindi ëmb jaare ko ci jëfandikoo garab dafay nuru ñàkkum ëmb.

MIFEPRISTONE MISOPROSTOL

Mifepristone dafay fatt progesterone bii di ormon bu am solo ngir ëmb gi wéy, ba noppi dafay tax butitu njur gi gëna nangu garab gii di Misoprostol.

Misoprostol dafay waral butitu njur gi di dëgër, mooy waral tisu ëmb bi di génn, di waral it ay gallox ak ñàkkum dereet.

## BA KAÑ LAÑU KO MËNA JËFANDIKOO NGIR DINDI ËMB CI ANAM YU WÓOR?

0 »» 12 weeks

Ci 12i ayu-bis yi njëkk ci ëmb gi, tàmbalee ci bis bi njëkk ci gis mbaax gi mujj.

## NAKA LA ÑUY JËFANDIKOO GARAB YI NGIR DINDI ËMB CI ANAM WU WÓOR?

MIFEPRISTONE 200 mg — MISOPROSTOL 200 mcg

Jigéen ji dina soxla benn (1) doomu Mifepristone bu 200i mcg ak ñeenti (4) doomu Misprostol bu 200 mcg bu nekk.

MIFEPRISTONE 200 mg

Dees na naan **Mifepristone** bi ak benn kaasu ndox.

Ginnaaw 24i waxtu, tegal 4 **doomu Misoprostol**

24 hours

Ci suufu làmmiñ-bi **ñaari doom ci wet gu nekk**

**Dees na lóg (bàyyi) 4i doomi garab yi ci sa gémmiñ** lu tolloog 30i simili bañu seey. Bu waxtu jooju weesee, jigéen ji mën na wann li des.

30 min

## NJEEXITAL YI MËNA AM

24h

24i waxtu ginaaw boo jëlee garab gi, màndarga yii mën nañu feeñ: xel mu teey, waccu, biir buy daw, yaram wu tàng ba 38°, boppu buy metti ak/wala miir. Njexital yooyu amu ñu benn loraange, ginaaw waxtu yu néew dina ñu dem.



## LU MËN A XEW GANNAAW BI NGA JËLEE MISOPROSTOL?

Metit wu tar ak ñàkkum dereet bu gëna tar boo gisee mbaax.

Ci lu tolloog 90% ci mbir yi, mënees na dindi ëmb gi ci 6i waxtu yu njëkk yi.

Lu ëmb gi di gëna wëy, deret ji di gëna bari.

Mënees na naan garab yiy wàññi metit wi ak dosu njëkk bu misoprostol bi. Ibuprofen moo ci gëna gaaw. Mënees na jëfandikoo paracétamol/acétaminophène ngir yokk ci paj mi.

## YAN ÑOOY MÀNDARGA YIY WARAL JAFE-JAFE YI ?

- Ñàkkum dereet gu bari (2 wala 3i toolin yu sell yu ñuy feesal waxtu wu nekk lu ëpp 2 wala 3i waxtu yu toftaloo)
- Yaram wu tàng wu metti (lu ëpp 39°), wala 38° lu weesu 24i waxtu.
- Metit wu tar ay fan ginaaw boo jëlee garab gi tey wëy doonte dangay naan garab yuy wàññi metit yi.
- Dereetu mbëret gu jaarul yoon te and ag xet

## LEES MËNA DEF SU JAFE-JAFE AMEE?

**Demal ci ndalu faju bi ci saasi.**

Su jigéen soxlaa paj, **faj-kat yi dañu ko wara toppatoo.** Saafara loraange yi aju ci dindi ëmb jaaraleko ci garab wuute wul ag saafar loraange yu aju ci ñàkkum ëmb. **Mëneesu la wuutale ñàkkum ëmb ag dindi ëmb ci jëfandikoo mifepristone ak misoprostol.** Kon jigéen ji soxla paj **mën na wax ne dafa ñàkkum ëmbam.**